ИЗИМЕ ЕР

Оқыў қуралы

WORD OF LIFE

https://word.org.uk

Тим Грин

S.E.A.N.
2 TIMOTHY 2:2
STUDY BY EXTENSION FOR ALL NATIONS

Буюк Британия Бирлашган Қироллигида, Lulu.com иштирокида 2013-йил чоп этилди.

Муаллифлик ҳуқуқлари © Tim Green 2013. Барча ҳуқуқлар ҳимоя қилинган.

Оқыўшылар бул оқыўлықтың еки сабағына шекем фото нусқа алыў ямаса шексиз муғдардағы электрон варианты жәрдеминде қайта ислеп шығыўы мүмкин. Еки сабақтан көп ямаса pdf форматында толық курсты алыў ушын дизимнен өтиўди қәлеўшилер, өтиниш, автор менен байланысыў ушын, мына адреске жазың: courses@word.org.uk

ISBN 978-1-291-41136-2

Масийхта жаңа өмир қурыўға ҳәм Оның жәмәәтинде өз орнын табыўға ҳәрекет етип атырған, өз хожалығындағылардың ҳәм әтирапындағылардың түсинбеўшиликлери ҳәм қабыл алмаўларына қарамастан, олар ушын ғамхорлық етиўди даўам етип атырғанларға бағышланады.

Ушбу мурожаатни ўқиш билан бошлашингизни илтимос қиламиз.

“Ортимдан юр” курси Исо Масиҳга эргаша бошлаганларга мўлжалланган. Ушбу курсдан кўзланган мақсад – уларга ўз имонида ўсишга ва Масиҳ жамоатида мустаҳкам ўрнашишга ёрдам бериш.

Ўтиниш, дәслеп бул қаратпа сөзлерди оқып алың!

«Изиме ер» курсы Ийса Масийхқа ерип баслағанларға арналған. Курстың мақсети – оларға исенимде өсиўге ҳәм Оның жәмәәтинде беккемлениўге жәрдем бериў.

Ўтиниш, бул курсты өз бетиңизше үйренбең. Бул сизге көп пайда келтирмейди. Буның орнына, өзиңизге устаз сыпатында жәрдем беретуғын, Масийхтың дана шәкиртин таўың. Ҳәр бир сабақты үйиңизде үйренгеннен соң, өз устазыңыз бенен ушырасың. Өзиңиз сабақтан билип алғанларыңызды ҳәм усы билимлерди ис жүзинде қалай қоллана алатуғыныңызды биргеликте талқылаң. Өз өмириңиздеги машқалалар бойынша устазыңыздан кеңес сораң. Сиз биргеликте дуўа етиўиңиз ҳәм бир-бириңизди Ийса Масийхта беккемлеп барыўыңыз мүмкин.

Егер бул курсты топарда басқа исениўшилер менен биргеликте өтсеңиз, ол сизге еле де көбирек пайда келтиреди.

Егер сиз *Изиме ер* курсын қолланатуғын устаз болсаңыз, онда өтиниш, *Устаз ушын қолланбаға* ийе болың. Онда бул курсты қалай қолланыў кереклиги түсиндириледи. Және де, онда шәкиртлик бойынша ҳәм топар сөйлесиўлерин алып барыў бойынша басқарыўшы негизлер бар. «Мәдений сөзликлер» сизге усы курстың темаларын түсиниўге жәрдем береди. Ҳәр бир сабақ ушын, талқылаўға керекли майда-шүйде сораўлар бериледи. Солай етип, *Устаз ушын қолланба* сизге күшли жәрдем бериўи мүмкин. Сиз pdf форматындағы ешейин версияны төменде көрсетилген электрон адреске талап етип жибериўиңиз ямаса мына сайтта қағазға басылғанын сатып алыўыңыз мүмкин:https://word.org.uk

Өтиниш, маған усы курстың пайдасы бойынша өз пикирлериңизди ҳәм оны жақсылаў бойынша усынысларыңызды жиберің. Усы қолланбаның соңғы бетинде болған баҳалаўшы сораўларды қолланың ямаса өз сөзлериңиз бенен жазың. Және де, сиз бул курстан кейин келетуғын усыған қусаған курсларға байланыслы мағлыўматларды алыў ушын, мениң менен байланыссаңыз болады. Егер сизде жақсы материаллар (интернетте ямаса аудио-видео форматта болған) бойынша усынислар болса, өтиниш, мениң менен байланысың.

Ҳәр қандай усынислар қабыл етиледи.

Рахмет! Тим Грин https://word.org.uk

Мазмуны

Оқыўшылар ушын қолланба

Сабақ	**Бет**
1 Масийхтың шәкирти болып	8
2 Масийхтағы жаңа өмир	17
3 Қудай Әке	26
4 Масийхқа Оның Руўхының күши менен бойсыныў	35
5 Қудай менен қалай сөйлесиў керек?	44
6 Қудайдың бизге берилген сөзи	53
7 Масийхтың жәмәәтиниң ағзалары	62
8 Еки бирлескен жәмийет ағзалары	71
9 Қуўдалаўлардың себеплери	79
10 Масқаралаўларға ҳәм қуўдалаўларға қандай қатнаста болыўымыз керек?	87
11 Ерли-зайыплылар	96
12 Келиспеўшиликлердиң шешилиўи	106
13 Гүўалық	117
14 Суўға шомылдырылыў рәсими	127
15 Туўры жол	136
16 Сүйиспеншилик нызамы	145
17 Ораза ҳәм қурбанлық	154
18 Тәғдир ҳәм сыйқыршылық (магия)	165
19 Бир-биреўге хызмет етиў	176
20 Бизиң аспанға зиярат етиўимиз	186
Илова: Ушбу курс давомида ёд олиш учун берилган оятлар	
1-қосымша. Мениң құдиретли Қудай менен ҳәр күни өткизетуғын ўақтым	196
2-қосымша. Құдиретли Қудайға қалай жетисиўге болады?	199
Пикирлер, түсиндирмелер	202

Оқыўшы ушын қолланба



1

Курсқа хош келдиңиз!
Ол сизге Ийемиз Ийса Масийхқа ҳәр күни ериўге жәрдем береди. Мен сизиң муғаллимиңиз боламан. Ал бул жерде сизге усы курстан пайда алыўыңызға жәрдем беретуғын жол-жорықлар усынылады.

2

Бул курсты өз бетиңизше үйренбең. Бул сизге көп пайда алып келмейди. Өтиниш, сизге устаз сыпатында жәрдем беретуғын, Масийхқа ериўши дана адамды таўың. Үйде ҳәр үйренгениңизден кейин, талқылаў ушын устазыңыз бенен ушырасың. Бул курсты өтип атырған адамлар менен де ушырасқаныңыз мақсетке муўапық болар еди.

3

Ал ең әҳмийетлиси – бул сабақларды ҳәр күни ис жүзинде қолланып барың! Ҳәр бир сабақта ҳәпте даўамында орынлаўыңыз керек болған «Практикалық тапсырма» бар.

1. Ҳәр бир сораўды дыққат пенен оқың.

2. Ашық жерлерге өз жуўапларыңызды жазың ямаса белгилең.

3. Өз жуўабыңызды жазғаннан соң, өз жуўабыңызды сабақтың изинде берилген жуўаплар менен салыстырсаңыз болады.

4. Сабақты орынлап болып, тийкарғы жағдайларды тәкирарлаў ушын, сабаққа Шолыў жасаң.

5. Талқылаў ўақтында, айырым сораўларға жеке пикир билдириў талап етиледи. Усындай сораўларға өзиңиз жуўап бергениңизге ҳәм оларды талқылаўға таяр екениңизге көз жеткизиң.

6. Биринши бес сабақ ушын сизге тек усы оқыўлық ғана керек болады. Ал алтыншы сабақтан баслап, сизге Мухаддес Китаптың жеке көширме нусқасы да керек болады. Бул курста биз тийкарынан Мухаддес Китаптың Шығыс аўдармасын қолланамыз, бирақ сиз басқа аўдарманы қоллансаңыз да болады. Мухаддес Китаптың көплеген аўдармалары бар, бирақ олардың тийкарғы түп нусқасы биреў болып табылады. Түп нусқа өзгермейди.

7. Пүткил жер жүзи бойлап, Ийса Масийхтың шәкиртлери көп. Олардың сиз бенен шығысы бирдей. Олардың базылары билимли, ал базылары билимсиз. Бул курс әпиўайы тилде баянланған, сонлықтан, ҳәтте, билими аз адамлар да оны түсине алады. Сиз ушын оқытыўдың бундай стили жүдә әпиўайы болып көринер, бирақ гәп, сиз оның мазмунында айтылғанларға өз өмириңизде қулақ асасыз ба, дегенде? Қудайды сизиң ақылыңыз емес, ал сизиң қулақ асыўыңыз көбирек қызықтырады. Егер сиз усы тәлимге қулақ ассаңыз, онда бул сизге пайда береди.

8. Есте сақлаңлар, устазыңыз сизге жәрдем бериў ушын өзиниң жеке ўақтын қурбан қылады. Бул адамға ҳүрмет көрсетиң, талқылаў ушын ушырасқаныңызда ўақтында келиң ҳәм үйге тапсырмаларды толық орынлап барың.

Ал енди келиңлер, Қудайдың жәрдеминде баслайық!

1-Сабақ **Масийхтың шәкирти болып**

Бизиң өмиримиздиң мәниси

Еки ер адам сәўбетлесип атыр. Олардың биреўи былай деди: «Қудай мени Оның буйрықларына бойсыныўым ушын жаратқан. Ол маған туўры жолды көрсетсин деп пайғамбарларды жиберген. Егер мен усы жолдан жүрсем, Қудай мениң гүналарымды кешireди ҳәм маған жәннетке кириўге рухсат етеди, деп үмит етемен. Мениң өмиримниң мәниси усы».

Ал басқасы былай деп жуўап берди: «Мен де Қудайдың буйрықларына қулақ асыўды қәлеймен. Бирақ Ол мени дозақтың отына жибереди деп қорқпайман. Ол әлле қашан мениң гүналарымды кеширген ҳәм мени жәннетке киргизиўге ўәде берген. Сонлықтан ҳәзирше мен жерде екенмен, Оны жеке билип барсам, Оның сүйиспеншилигин сезсем ҳәм Оған сүйиспеншилик пенен жуўап берсем қуўанаман. Мен ҳәр бир күнниң ҳәр бир сәтинде Ол ушын жасағым келеди. Мениң өмиримниң мәниси усы».

Пикирлеў ушын: Сиз қайсысын мақуллайсыз? Я болмаса, сиз өмириңиздиң басқа мәниси бар деп есаплайсыз ба? Сизиң өмириңиздиң мәниси не?

1. Өмиримиз туўралы ойлаў аўырманлық болыўы мүмкин. Биз ҳәзир өз машқалаларымыздың аўырлығы астындамыз, келешек туўралы да қайғырамыз. Хош Хабарда Ийемиз Ийса Масийх бизлердиң ҳәммемизге қарата әжайып ўәдени жәриялған еди:

> «Ҳәй, шаршап, аўыр жүк басқанлар, ҳәммеңиз Маған келиңлер! Мен сизлерди рәҳәтлендиремен»
>
> Матта 11:28

Көз алдыңызға бир келтирип көриң, Ийса Масийх усы сөзлер менен жеке сизге қарата сөйлеп атыр! Оларды ядлап алмағаныңызша, тәкирарлай бериң. Соңынан ашық қалдырылған төмендеги орынларды толтырың:

«_____, ҳәммеңиз Маған келиңлер! Мен сизлерди рәҳәтлендиремен».

2. Ийемиз Ийса Масийх бул сөзлерди усы дүньяда болған ўақтында айтты. Ол адамларды шақырып: «Изиме ериң», – деди. Олардың айырымлары буны қуўаныш пенен қабыл етти ҳәм Оның шәкиртлерине айланды. Ал басқалар қабыл алмады. Масийх бүгин де тири. Ол ҳәзир де бизди шақырып тур.

   Ол не дейди? _____ ериң», – дейди

Ийса Масийхтың шәкирти болып

3. Келиңлер, қалайынша Масийхтың шәкирти болыўға болатуғынын билип алайық. Биз Шимон Петр деген балықшыдай ис тутсақ болады. Ол Масийхтың биринши шәкиртлериниң бири болған еди. Келиңлер, бул ҳаққында Мухаддес Жазыўдан оқыйық:

Бир күни Ийса Геннесарет көлиниң жағасында турғанда, халық Қудайдың сөзин еситиў ушын, Оның жанында тығылысып турды. Сонда Ийса көлдиң жағасында турған еки қайықты көрди. Ал балықшылар қайықтан түсип, аўларын жуўып атырған еди. Қайықлардың бири Шимонға тийисли еди. Ийса оған минип, Шимоннан жағадан бираз арманырақ жүзип барыўын өтинди де, қайықта отырып, халыққа тәлим бере баслады.

Ийса сөзин тамамлағаннан соң, Шимонға:

–Тереңирек жерге жүзип барып, балыққа аў сал, –деди.

Шимон Оған жуўап берип:

–Устаз! Бизлер түни менен мийнет етип, ҳеш нәрсе тута алмадық. Бирақ, Сениң сөзиң бойынша аў саламан, – деди.

Олар усылай ислегенде, көп балық тутқанлығы соншелли, ҳәтте, аўлары да жыртыла баслады. Сонда олар басқа қайықтағы шериклерине белги берип, жәрдемлесиўге шақырды. Жолдаслары келип, еки қайықты да суўға батар дәрежеде балыққа толтырды.

Буны көрген Шимон Петр Ийсаның аяғына жығылып:

– Ийем! Мениң қасымнан кет, өйткени мен гүнакар адамман, –деди.

Себеби өзлериниң буншама көп балық аўлағанына өзин де, қасындағыларды да қорқыныш бийлеген еди. Шимонның шериклери болған Зебедейдиң уллары Яқып пенен Юхан да усындай аўҳалда еди. Ийса Шимонға:

– Қорқпа, буннан былай адамларды аўлайтуғын аўшы боласаң, –деди. Сонда олар қайықларын жағаға шығарды да, ҳәммесин қалдырып, Ийсаны изине ерди.

(Мухаддес Жазыў, Лука 5:1-11)

Егер сиз бул үзиндини толық оқыған болсаңыз, усы жерде □ белги (✔) қойып, сабақты даўам етиң.

4. Ийсаның шәкирти болыў ушын, Шимон Петр төрт қәдем атты. Анық усы төрт қәдем арқалы адамлар бүгин де Ийемиз Ийсаның шәкиртлери болып атыр. Келиңлер, енди усы қәдемлерди үйренип шығайық.

   Биринши қәдем: Гүнадан жүз бурыў.

   Шимон балық пенен болған кәраматты көрип, көзлери ашылды. Ол өзиниң уятына қарама-қарсы болған Ийемиздиң мухаддеслигин тән алды. Ол Ийсаға не айтты? «Ийем, Мениң қасымнан кет, өйткени мен _____».

5. Шимон өзиниң «гүнакар адам» екенин түсинди. Мүмкин, ол ҳеш кимди өлтирмеген, ҳаялына опасызлық қылмаған шығар. Бирақ Ийса оның жүрегиниң төрин көре алатуғын еди. Шимон өзиниң уятлы сырларын ямаса жаман ойларын Ийемиз Ийсадан жасыра алмады.

   Ал сиз ше? Егер биреў даўыслап айтып берсе, сиз уялып қалатуғын сырларыңыз бар ма? Мүмкин, сиз усы сырларды қоңсыларыңыздан ямаса үй-ишиңизден жасырыўыңыз мүмкин, бирақ сиз оны Ийса Масийхтан жасыра алмайсыз. Ол сизиң өмириңиздеги ҳәр қандай жасырын жаманлықты көре алады. Бул шыпакер рентген сүўретинде денеңиздеги ҳәр бир жасырын сүйекти көре алғандай анық нәрсе!

   - ***Тоқтап, Ийса Масийхтан өмириңиздиң қараңғы тәреплерин көрсетиўди сораң.***

6. Негизинде, ҳәр бир адам гүна менен ипласланған. Шайыр Омар Ҳайям айтқандай:

   «Дүньяда ким гүналар менен белгиленбеген, айт?
   Ийем, бизлер гүнакар емеспиз бе, айт?
   Жаманлық ислесем, маған жаманлық қайтарасаң сөзсиз,
   Демек, арамызда ҳеш парық жоқ, айт!»

   Ким-дур Қудайдан өз гүналарын жасыра ала ма? [Аўа / яқ]
   (дурыс жуўапты дөңгелетип сызың)

7. Бурын сизге Қудай өзи пәклегенлерди жақсы көреди, жаманлық қылғанларды жек көреди, деп үйреткен. Бирақ Пәкликтиң Өзи болған Ийса напәк Шимонды жек көрген бе еди? Яқ, Ийса Шимонға не деген еди? *(үшинши сораўдағы үзиндиге қараң ҳәм дурыс жуўапты белгилең)*

   ___ a) «Қасымнан кет»
   ___ b) «Қорқпа»

8. Ийса өзине: «Қорқпа!» – дегенде, Шимон қандай жеңиллик сезген еди. Егер сиз Шимон сыяқлы напәк, гүнакар екениңизди түсинсеңиз, руўхыңызды түсирмең. Ийса Масийх сизди кешириўге ҳәм толық пәклеўге таяр!

   Қарама-қарсы болған мына еки адамға қараң:



«Мен әлле қашан ҳақ адамман ҳәм Ийсаның жәрдемине мүтәж емеспен».

Тимур

«Мен гүнакар екенимди ҳәм өзимди пәклей алатуғын Ийсаға мүтәж екенимди билемен».

Алий

Ийса усы адамлардың қайсысын пәклейди: Тимур сыяқлы менмен адамды ма, я Алий сыяқлы кишипейил адамды ма? _____

9. Ийемиз Ийса былай деген еди: «Мен гүнакарларды *тәўбеге шақырыўға келдим» (Лука 5:32).* «Тәўбе етиў» ўаз кешиў ҳәм қарама-қарсы тәреп бойынша жүриў дегенди билдиреди. Мына еки адамға қараң:



а) Олардың қайсы бири тәўбе еткен, 1 ямаса 2 -ме? ___

б) Олардың қайсысы еле ески жол менен жүриўди даўам етип атыр? 1 ямаса 2- ме? _____

10. «Тәўбе етиў» тек гүналар себепли өкиниў дегенди аңлатпайды. Бул биз 2-сүўреттеги адам сыяқлы *гүнадан* толық *ўаз кешиўимиз* керек дегенди билдиреди. Солай етип, ҳақыйқый тәўбе етиўдиң гүўалығы қандай көринеди? (*жуўапларды биреўин белгилең*)

___ а) гүна себепли былғанған өмирине өкинбеў;
___ б) гүналары себепли өкиниў, бирақ өмир тәризин өзгертпеў;
___ в) гүнадан толық ўаз кешиў ҳәм өмир тәризин өзгертиў.

11. Ийсаның избасары болыў ушын, Шимон ислеген биринши қәдем қандай болды?_____ ўаз кешиў

Екинши қәдем: Қунын түсиниў

12. Шимонның келеси қәдеми Масийхтың изине ериўдиң қунын түсиниў болды. Шимон әҳмийетли таңлаў алдында болды. Мүмкин, ол еки ой менен гүрескен болса керек:

Шимон нени түсинди? Масийхқа ериўдиң _____.

13. Ийса Масийх Өзине ериўдиң қуны қаншелли уллы болатуғыны туўралы тымсал айтып берди:

> «Және Аспан Патшалығы ҳасыл ҳинжилер излеп жүрген бир саўдагерге уқсайды. Ол жүдә қымбат бир ҳинжини тапқанда, өзиниң барлық мал-мүлкин сатып жиберип, сол ҳинжини сатып алыпты».
>
> (Матта 13:45,46)

Ийсаның изинен ериў ушын, сизге қандай ең қымбатлы нәрсеңизден ўаз кешиўге туўры келеди?
Келеси вариантлардың биреўин ямаса бир нешесин белгилең: *(жеке сизге тийисли болған жуўап варианты)*

_____ а) жәмийеттеги өз абырайыңыздан.
_____ б) өз жумысыңыздан ямаса бизнестен.
_____ в) өз хожалығыңыздан.
_____ г) өз мал-мүлкиңизден ямаса мийрасыңыздан.
_____ д) басқасы *(өз жуўабыңыздың вариантын жазың)* _____

14. Бирақ «ҳасыл ҳинжи» усыған ылайықлы! Биз Масийх ушын қандай қурбанлық берсек те, есте сақлаңлар, Ол бизлер ушын атанақ ағашта оннан да уллы қурбанлық берди!

> «Бирақ, бизлер еле гүнакар болған ўақтымызда Масих бизлер ушын өлди. Бизлерге деген сүйиспеншилигин Қудай усылай дәлилледи».
>
> (Рим 5:8).

Ким уллы қун төледи: бизлер ме, я Масийх па? _____

9 ҳәм 10-сабақ Ийса Масийх бизге қуўдалаў ўақтында қалай жәрдем беретуғынын түсиндиреди.

Үшинши қәдем: Масийхқа исениў

15. Масийхтың шәкирти болыў ушын, Шимон <u>бириншиден,</u> гүнадан ўаз кешиўи ҳәм <u>екиншиден</u>, Масийхқа ериўдиң қунын түсиниўи керек еди. Буннан соң, ол <u>ўшинши</u> қәдемге, Масийхқа исениўге келди.

Үшинши сораўда биз және үзиндимиздиң соңғы гәпин оқыймыз. Шимон ҳәм оның жолдаслары Ийсаның шақырығына жуўап ретинде не иследи? *(ашық жерлерди толтырың).*

«Сонда олар қайықларын жағаға шығарды да, ҳәммесин _____, Ийсаның _____».

16. Шимон өзиниң жаңа Ийеси Ийсаға толық бойсынды.
Күнделикли өмирде биз адамға қалай исенемиз? Минекей, айырым мысаллар:

- ***Шаршаған бала*** әкеси қолына көтериўи ушын оған исенип, қолларын созады.
- ***Наўқас*** дәри қабыл еткенде, шыпакерге исенеди.
- ***Жолаўшы*** қәўипли сапар алдынан айдаўшыға исенеди.

Бала, наўқас ямаса жолаўшы сыяқлы, биз де Ийсаға қол бергенимизде, Оған исене аламыз. Биз Оны қорғайды ҳәм жетелеп жүреди, деп исенемиз. Биз Оған Өз Ийемиз сыпатында қулақ асамыз.

Масийхқа ериўдиң үшинши қәдеми қандай?

1. Гүнадан ўаз кешиў.
2. Ийсаның изине ериўдиң қунын түсиниў.
3. Масийхқа _____.

17. Шимон Ийса Масийхқа исенгеннен соң, ол Ийса менен үш жылдан ибарат болған узақ сапарға атланды. Ол өз Ийесиниң қуўаныш ҳәм қайғысын бөлисти. Ол Ийсаның аўырыўларды қалай шыпалағанын, ҳәтте, өлимнен тирилткенин көрди! Ол адамларды Ийса сыяқлы жақсы көриўди үйренди. Әсте-ақырынлық пенен, шәкирт Шимон өз устазы Ийсаға көбирек уқсап барды. Кейин ала, ол Петр деген ат пенен таныс болды.

    Шимон Петр қалайынша Ийсаның шәкиртине айланды? (*дурыс жуўапты белгилең*)

    ___ а) Масийхқа исенип.
    ___ б) Исенимин мойынлаў дуўа етиўин тәкирарлап айтыўы арқалы.

18. Сизиң хабарыңыз бар, шәкирт өз устазының ҳәрекетлерине нәзер аўдарып ҳәм тәкирарлап, оннан үйренип барады. Шимон Петр усылайынша Ийсаның шәкирти болды.

    Биз де устазымыз Ийсаның изине ерип басласақ, Оның шәкирти боламыз. Биз Оны көзлеримиз бенен көрмесек те, Оның ислеп атырғанларын тәкирарлаўымыз ҳәм Оған уқсап барыўымыз мүмкин. Оның исинде қатнасыў биз ушын үлкен мақтаныш болады.

    Масийхтың шәкирти болыў ушын, үшинши қәдем қандай?
    Масийхқа _____ .

Төртинши қәдем: Масийхтың жәмәәтине қосылыў

19. Ийсаның шақырығына Шимон жуўап бергенде, ол жалғыз емес еди. Ол Масийхтың жәмәәтине қосылды. Масийхтың шәкиртлери бир жыйын болып, ортақ өмирге ийе еди. Олар ҳәр қыйлы қәўимлерден ҳәм жәмийет қатламларынан келип шыққан еди. Бирақ олар бир-бирин жақсы көриўди үйренди.

    Бул аңсат болмады. Гейде олар тартысатуғын еди. Бирақ олар тартысларды шешип, бир-бирин кеширетуғын еди. Шимон Петр Масийхқа тийисли ҳәмме адамлар Оның _____қосылыўы керек екенин билди.

Ҳәр бир исениўшиниң Масийхтың жәмәәтине қосылыўы әҳмийетли! Биз бул ҳаққында жетинши сабақта көбирек билип аламыз.

20. Ийса Масийх Шимон Петрди Өзиниң шәкирти болыўға шақырды. Оған буны ислеў ушын, қандай төрт қәдем керек болды?

    1. Гүнадан _____;
    2. Қунды _____;
    3. Масийхқа _____;
    4. Масийхтың жәмәәтине _____ .

Солай етип, жеке сиз ушын бүгинги сабақ нени аңлатады?

- ***Мүмкин, сиз әлле қашан Масийхтың шәкирти шығарсыз?***
  Егер солай болса, онда бул курс сизге Масийхта даўам етип өсип барыўға жәрдем береди.
- ***Мүмкин, сиз ҳәзир Масийхтың шәкирти болыўға таяр екениңизди сезген шығарсыз?***
  Онда өз устазыңыз бенен жекпе-жек сөйлесиң ҳәм Ол сизге бул шешимди қабыл етиўге жәрдем береди.
- **Мүмкин, сиз бул әҳмийетли шешимге көбирек ўақыт ажыратқыңыз келетуғын шығар?**
  Жақсы, бирақ бул шешимди узаққа созып жибермең. Өйткени бир күн келип, сиз қабыл етиўге кешигиўиңиз мүмкин. Егер қәлесеңиз, сиз усы курсты даўам етип үйренсеңиз болады. Бирақ ол, сиз Масийхтың шәкирти болыўды шешкеннен соң көбирек пайда келтиреди.

1- САБАҚ. ПРАКТИКАЛЫҚ ТАПСЫРМА

Усы ҳәптеде тыныш орын таўып, келеси сораўлар үстинде ой жуўыртың. Сиз Масийхтың шәкирисиз бе? Я болмаса, Оның шәкирти болыўға таярсыз ба? Я болмаса, бул шешим ҳаққында ойланыўға көп ўақыт ажыратыўды қәлейсиз бе?

Енди келиңлер, өтилген материалға шолыў жасаймыз.

1- САБАҚ. ШОЛЫЎ

1. Матта 11:28 ден биз Масийхтың қандай әжайып шақырығын ядлап алдық? *(егер есиңизде болмаса, 1-сораўға қараң)*

   «_____Маған келиңлер!
   _____»

2. Масийхтың шәкирти болыў ушын, ислеў керек болған төрт қәдемди атап айтың:

   1. _____ ўаз _____.
   2. Қ _____ т_____.
   3. М_____ и_____.
   4. Масийхтың _____.

1- САБАҚ. ЖУЎАПЛАР

1. шаршап, аўыр жүк басқанлар
2. Изиме
3. үзиндини оқың
4. гүнакар адам
5. өз жуўабыңыз
6. Яқ
7. б)
8. кишипейил адам
9. а) 2-сүўреттеги адам б) 1-сүўреттеги адам
10. в)
11. Гүнадан
12. қуны
13. өз жуўабыңыз
14. Масийх
15. қалдырып, изине ерди
16. исениў
17. а)
18. исениў
19. жәмәәтине
20. 1. ўаз кешиў, 2. түсиниў 3. исениў 4. қосылыў

2- Сабақ. <u>Масийхтағы жаңа өмир</u>

Масийхтың шәкирти болған адам тек тәўбе етиў дуўасын оқып қоймайды. Ол Масийхта пүткиллей жаңа өмирге ериседи!

Бул өз ишине мыналарды алады:

A. Жаңа адам;
B. Жаңадан туўылыў;
C. Жаңа тәбият.

1. Келиңлер, Мухаддес Жазыўдағы «Петрдиң биринши хаты» деп аталған бөлимде жазылған усы әжайып өмир туўралы билип алайық. Биз биринши сабақтан билип алған Шимон Петр Қудайдың басқарыўында усы хатты жазған:

> «Ийса Масийхтың елшиси Петрден»
>
> *(1 Пет 1:1).*

Петр өзин қалай атайды? *(дурыс жуўапты белгилең)*

___ а) шәкирт ___ б) елши ___ в) пайғамбар

2. Мухаддес Жазыўда «елши» сөзи айрықша тапсырма менен жиберилген адамды аңлатады (бул мухаддес китап түскен адам емес). Ийемиз Ийса он еки адамды таңлап алып, оларға тәлим берди ҳәм оларды айрықша тапсырма менен жиберди. Анық сол себепли олар «елшилер» деп аталды. Олардың басшысы елши Петр болды.

Усы сабақ даўамында биз Қудайдың сөзиниң қайсы бөлегин үйренемиз? Елши _____биринши хаты.

3. 1 Петрдиң 1-аяты бул хатты Қудайдың басқарыўында ким жазғанын айтады. Бул жерде және де хатты ким алғаны да айтылады. Олар Масийхтың шәкиртлери ҳәм ҳәзир биз Туркия деп атайтуғын елдиң турғынлары еди. Бул аятта Петр оларды «таңлап алынғанлар» деп атайды.

- **Тоқтап алың ҳәм бизлерди таңлап алғаны ушын Қудайға шүкирлик билдириң!**

4. Сол аятта ол оларды «тарқалып кеткенлер» деп те атайды. Мүмкин, сиз ўатаныңыздан алыста жасайтуғын шығарсыз. Мүмкин, сиз еле өз елиңизде жасап атырған болсаңыз да, өз хожалығыңыз сизден ўаз кешкени себепли,олардан бөлек шығарсыз. Бул жүдә аўыр тәжирийбе!

Солай болса да, биз Қудай ушын кимбиз? _____.

А) Бизиң жаңа теңлигимиз (бирдейлик)

5. Аўа, биз Қудай тәрепинен «таңлап алынғанлармыз»! Әтирапымыздағылар бизди қабыл етпейтуғын болса да, *«егер Қудай бизлерди жақласа, бизлерге ким қарсы тура алады? Қудайдың таңлап алған адамлары болған бизлерди ким айыплай алады?»* (Рим 8:31, 33). *«Қудай Өзине күни-түни жалбарынып атырған, Өзи таңлап алған адамларының ҳуқықын қорғамай ма?»* (Лука 18:7)

   Биз Масийхтың шәкиртлери сыпатында ким боламыз? *(дурыс жуўапты белгилең)*

   ___ а) Қудай таңлағанлар;
   ___ б) наҳақлар;
   ___ в) исенимнен қайтқанлар.

6. Келеси аятта былай деп жазылған: *«Қудай Әке сизлерди әзелден-ақ таңлап алды»* (1 Пет 1:1б-2).

> Минекей, бул өзиниң ҳақыйқый ата-анасын жойтып қойған бала туўралы гүрриң. Оны басқа ата-ана асырап алып, тәрбиялады. Бир күни басқа балалар усы себепли оның үстинен күлди. Бала оларға былай деп жуўап берди: «Яқ, мен сизлерден де көбирек абырайға ийемен. Сизлердиң әкелериңиз сизлерди таңлап алған жоқ, ал мениң әкем мени туўған улындай қылып таңлап алды!

   Қудайдың таңлап алғаны болыў қаншелли мақтанышлы! Биз буған өзимиздиң жақсы ислеримиз себепли еристик пе?

   [Аўа / Яқ]

7. Қудай бизлерди таңлап алыныўға ылайықлы болғанымыз себепли емес, ал жақсы көргени себепли таңлап алды. Бизиң Ийса Масийх арқалы Қудайдың изине ериўди шешкенимиз де ҳақыйқат. Қудайдың таңлаўы менен бизиң таңлаўымыз қалай-да бирге жумыс алып барады.

   Бизиң Масийхтағы жаңа теңлигимиз неден ибарат? Биз Қудайдың _____.

Б) Бизиң жаңа өмиримиз

8. Сиз қурт пенен гүбелек қурт арасындағы айырмашылықты билесиз бе? Олар жүдә уқсаған болса да, бәри бир бир-биринен күшли парық қылады. Қурт ҳеш қандай өзгериссиз, өлемен дегенше сүйрелип жүре береди. Ал гүбелек қурт таң қаларлық өзгерислерди басынан кешireди. Ол өлмейди, ал неге айланады? *(сүўретке қараң)* _____ .

9. Жапырақта тек сүйрелип жүрген гүбелек қурттың енди аспанда ушқан әжайып гүбелекке айланғаны таң қаларлық нәрсе емес пе? Ол «жаңа өмир» алып, жаңа жаратылыс болғанға уқсайды.

Гүбелек куртта қандай өзгерислер болды?
Ол «жаңа _____
ерисди?

10. Ал сиз Ийса Масийхтың шәкирти болдыңыз ба? Айнаға қарағаныңызда, бурын болған адамды көресиз, бирақ бул тек сыртқы көринис ғана. Негизинде, ишимизде болған өзгерис гүбелекке айланған гүбелек қуртқа уқсайды. Бул Масийхтағы әжайып өзгерис «жаңа өмир» деп аталады.

Бундай өмирге ким ериседи? *(бир жуўапты белгилең)*

___ а) бизиң елимизде жасайтуғын ҳәмме адам;
___ б) Масийхқа жеке исенген адам;
___ в) масийхый хожалықта туўылған адам.

11. 1 Петрдеги келеси аятта усы жаңа өмир туўралы айтылады:

> «Ийемиз Ийса Масийхтың Әкеси – Қудайға алғыслар болсын! Ол Өзиниң шексиз мийрим-шәпәәти менен бизлерди жаңадан туўылдырды. Сонлықтан Ийса Масийхтың өлимнен тирилиўи арқалы бизлерге сөнбейтуғын үмит берди.
>
> (1Петр 1:3)

Усы аятқа сай. бизге ким жаңа өмир берди?

___ а) Қудай Өзиниң шексиз мийрим-шәпәәти менен;
___ б) биз оған өзимиздиң жақсы ислеримиз бенен еристик;
___ в) мухаддес адам ҳәм оның бизлер ушын еткен дуўалары себепли.

Ал сиз усы жаңа өмирди басыңыздан кеширдиңиз бе?

12. Қудай усы жаңа өмирди ҳәр бир адамға усынады, бирақ оны ҳәр бир адам қабыл ете бермейди.

Мине, шыпакер мына үш наўқасқа не айтқанына ҳәм олар оған не деп жуўап бергенине қараң:

Усы наўқаслардың қайсысы, А, Б ямаса В тәўир болып кетеди? _____

13. Солай етип, төменде көрсетилген үш адамның қайсысы Масийхтағы жаңа өмирди қабыл етеди? *(бир вариантты белгилең)*

___ а) «О Масийх, Сениң тәлийматыңа исенемен, бирақ мен Сени өмириме қабыл етиўге қорқаман», – дейтуғын адам.
___ б) «Мен Саған исенбеймен», – деген адам.
___ в) «Ийем Ийса, мен Саған исенемен. Мен Саған өзимди исенип тапсыраман. Өтиниш, мениң өмириме кир», – дейтуғын адам.

Усы вариантлардың қайсысы сизди сүўретлейди: а, б ямаса в? Егер сиз өзиңизди еле Масийхқа исенип тапсырмаған болсаңыз, онда өтиниш, устазыңыз бенен жекпе-жек сөйлесиң. Бул курстың қалған бөлими сиз усы қәдемди атыладыңыз, деп нәзерде тутады.

В) Бизиң жаңа тәбиятымыз

14. Биз өзимиздиң Масийхтың шәкиртлери сыпатындағы «жаңа теңлигимиз» ҳәм «жаңа өмиримиз» туўралы билип алдық. Ийса Масийх бизге және «жаңа тәбият» та береди. Бул Оның биздеги тәбияты болып табылады.

Сиз бенен шығысы бирдей болған көплеген адамлар Масийхтың шәкиртлери болды. Мине, олардың гейбиреўлери Масийхтың оларда ислеген унамлы өзгерислерин сүўретлейди.

Саламат: «Масийхтағы өмир қуўаныш ҳәм руўхый қанаатланыўшылық алып келеди».
Рустем: «Ийса маған қуўаныш ҳәм тынышлық береди».
Сулыўхан: «Мениң қысынып турған жағдайым ҳәм тынышсызланыўым жоқ болып кетти».
Зәўре: «Мениң аўырманлығым ҳәм қорқынышларым кетти».
Дина: «Қудай мени қандай болсам, сондай қабыл ететуғынын билемен».
Азамат: «Мениң өтмишим арақ, ҳаяллар ҳәм гүнадан ибарат болған қара реңге боялған еди. Мениң ҳәзирги өмирим болса қуўаныш ҳәм тынышлыққа толы болған ақ реңге боялған»

(«Ийса пайғамбарлардан да уллы», автор Ральф Уоттон)

Буларнинг ҳаммаси ҳозирги кунда бор одамлар. Уларнинг ҳаётида қандай ўзгаришлар рўй берди? (*битта вариантни белгиланг*)

___ а) Исо Масиҳ уларга янги табиат берди ва бу билан бирга кўп ижобий ўзгаришлар киритди;
___ б) Уларнинг ҳаёти аввалгидан кўра ёмонлашди;
___ в) Уларнинг эски табиатида ҳеч нарса ўзгармади.

15. Исо Масиҳ Унга эргашган бу каби шогирдларининг ҳаммасига Ўзининг янги табиатини ато қилади. Худди улар сингари, биз ҳам янги қувонч ҳиссини, Худо берадиган тинчликни бошдан кечиришимиз мумкин. Бироқ бу ерда энг муҳими бизнинг ҳис – кечинмаларимиз эмас. Энг муҳими – бу Исонинг характеримизда қиладиган ўзгаришларидир. Қуйида ҳаётдан олинган бир нечта мисол келтирамиз:

Пўлат: “Исо менга тамаки чекиш одатидан озод бўлишга ёрдам берди”.
Носир: “Исо менинг одамларга бўлган эски, мағрур муносабатимни ўзгартирди”.
Руслан: “Дудуқланиб гапирар эдим, норасолик ҳисси мени қийнарди. Мен буларнинг ҳаммасидан озод бўлдим”.
Рашид: “Тўполончилик қилмай қўйдим”.
Замира: “Бошқа одамларга бўлган қизиқишларим ғоят ортди”.
Зарина: “Ҳаётимда мағрурлик ва худбинликнинг ўрнини Худога хизмат қилиш руҳи эгаллади”.
Фотима: “Бизнесда Раббимга ишониб иш тутишни ўргандим ва энди ҳалол меҳнат қиляпман".
Марям: “Бошқа одамлар Масиҳнинг мукаммал севгисини таниб-билишлари учун хизмат қилишни истайман”.

(*Ральф Уоттоннинг “Исо – пайғамбардан буюк” китобидан*)

Сизиң жеке өмириңизге Масийх қандай анық өзгерислер алып келди? Өз ойларыңызды жазың ҳәм талқылаў ўақтында олар менен бөлисиўге таяр болың:

_____

_____

_____

16. Егер де сиз жоқарыда келтирилген өзгерислерди дәрҳал-ақ бастан кеширмеген болсаңыз, тынышсызлыққа берилмең. Сиз Масийх пенен өсип атырған ўақтыңызда, олар сизиң өмириңизге әсте-ақырынлық пенен келеди. Бала ересек адамға айланыўы ушын, көп жыл керек болады. Сол сыяқлы, «жаңа өмирге» ерискеннен соң, руўхый жетилискен адам болыў ушын да, көп жыл керек болады.

    Бирақ Ийса сизде жасап атырған болса, сиз өзиңизде кем-кемнен кимниң тәбиятын байқайсыз?

    ___ а) өзимниң гүнакар тәбиятымды;
    ___ б) өзиңиздиң Масийхтағы жаңа тәбиятыңызды.

Бизиң руўхый гүресимиз

17. Биз енди Масийхта жаңа тәбиятқа ийе болсақ та, руўхый урыста өзимиздиң ески тәбиятымызға қарсы ҳәр күни ҳәм өмиримиздиң ақырына дейин урысыўымыз керек болады!
    Қудайдың сөзи бизге мынадай буйрық береди:

> «Ҳәзир ғәзептен, қәҳәрден, ашыўдан, ашшы ҳәм уят сөзлерден қутылатуғын ўақыт келди. Бир-бириңизге өтирик сөйлемең, себеби сиз бурынғы өмир тәризиңизди өзиңизден кийим сыяқлы шештиңиз. Сиз Жаратыўшының Өз көриниси болған ҳақыйқый билим менен жаңаланған жаңа тәбиятты кийдиңиз»
>
> (Колосалыларға 3:8-10).

Усы аятларға сай, *(дурыс жуўапларды дөңгелетип сызың)*

а) биз өзимизден қандай тәбиятты «шешип тасладық»?

[ески тәбиятты/ жаңа тәбиятты]

б) биз қандай тәбиятты «кийдик»?

[ески тәбиятты/ жаңа тәбиятты]

18. Төменде келтирилген сүўретлер ҳәр түрли ҳәрекетлерди ислейтуғын, Масийхтың шәкиртлерин көрсетеди. Егер адам өзин ески тәбиятына сай тутса, ҳәр бир аттың қарсысындағы ашық жерлерге «ески» деп жазың. Егер олардың жаңа тәбияты көринсе, «жаңа» деп жазың:

«Мен енди адамларды бурынғыдан да көбирек жақсы көремен»

«Келиң, мен жәрдем берейин».

«Мен арақ ишиўди тоқтата алмай атырман»

«Сен қандай олақ қатынсаң! Және аўқаттың бәрин күйдирдиң!»





“А” – _____ тәбият	“Б” – _____ тәбият	“В” – _____ тәбият	“Г” – _____ тәбият

19. Бизге салынған, Ийсаның тәбияты болған жаңа тәбиятымыз бизиң ески гүнакар тәбиятымызға қарсы ҳәр күни гүреседи. Әпиўайы шопан, бир күни, усы гүрести былай түсиндирди: «Мен өмиримде еки ешки бир-бири менен гүресип атырғандай болып сезemen. Олардың биреўи қара, басқасы ақ». Оны тыңлап турған адам: «Солай етип, қайсы ешки жеңип атыр?» – деп сорады. Шопан жуўап берип: «Қайсысын көбирек азықландырсаң сол жеңеди!» – деди.

   - ***Шопанның тымсалы туўралы пикир жүргизиң. Қара ешки бизиң ески тәбиятымызды, ал ақ ешки бизиң жаңа тәбиятымызды көрсетеди. Бизиң өмиримизде қайсы ешки жеңип жүр? Не ушын? Усыны талқылаўға таяр болың.***

Келиңлер, бүгинги сабақтан биз Масийхта қандай уллы артықмашылыққа ийе екенимизди еске түсирейик:

- ❑ Қудай тәрепинен таңланғанлар сыпатында, бизде <u>жаңа теңлик</u> бар;
- ❑ Гүбелек қурт гүбелекке айланғаны сыяқлы, биз <u>жаңа өмирге</u> еристик;
- ❑ Масийхтың жәрдеминде <u>жаңа тәбиятымыз</u> кем-кемнен бизиң ески гүнакар тәбиятымыздың орнын басады.

20. Қудайдың сөзинен алынған келеси аят бизиң бүгин үйренгенлеримизди улыўмаластырады:

> «Солай етип, ким де ким Масийх пенен байланысқа ийе олса, ол – жаңа жаратылыс. Ески нәрселер өтип кетти, минекей, енди ҳәммеси жаңа болды». *(Коринфлилерге 2-хат 5:17).*

Бул аятты ядлап алмағанша, қайталай бериң ҳәм ашық жерлерди толтырың:

Солай етип, ким де ким _____ пенен байланысқа ийе болса, ол – _____ жаратылыс. _____ нәрселер өтип кетти, минекей, енди ҳәммеси _____ болды». (Коринфлилерге 2-хат 5:17)

Ал енди былай дуўа етиң:

> **О, Құдиретли Қудай! Өзиңниң уллы мийрим-шәпәәтиң менен бизди Өзиңниң таңланған халқың қылдың! Бизге жаңа өмир ҳәм жаңа тәбият бергениң ушын рахмет. Масийхтың күши менен ҳәр күни өзимниң ески гүнакар тәбиятыма қарсы руўхый урыста гүресиўге жәрдем бере гөр! Аўмийин»**

> **2-САБАҚ. ПРАКТИКАЛЫҚ ТАПСЫРМА**
>
> Сизиң жаңа тәбиятыңыз себепли өмириңизде жүз берген жақсы үш өзгеристиң дизимин дүзиң. Усы өзгерислер ушын, Қудайға шүкирлик билдириң. Және де, елеге дейин өмириңизде болған сизиң ески тәбиятыңызға тийисли болған үш әдеттиң дизимин дүзиң.

2- САБАҚ. ШОЛЫЎ

1. а) Адам Масийхқа исенсе, онда не жүз береди?
   _____ өмир.

   б) Биз Масийхтың шәкиртлери сыпатында қандай жаңа теңликке еристик? Биз Қудайдың _____

2. Бизиң руўхый гүресимиз [ески /жаңа] гүнакар тәбиятымыз бенен Масийхтағы [ески /жаңа] тәбиятымыз арасында болады *(надурыс жуўапларды сызың)*

3. Ийса Масийх Өз шәкиртлериниң өмиринде алып баратуғын өзгерислердиң еки мысалын келтириң *(егер сиз мысал келтире алмасаңыз, онда 11-12 сораўларға қараң):*_____

4. Ашық жерлерге Коринфлилерге 2-хат 5:17 деги аятты ядтан толтырың:
   Солай етип, ким де ким _____ пенен байланысқа ийе болса, ол – _____ жаратылыс. _____ нәрселер өтип кетти, минекей, енди ҳәммеси _____ болды».

2- САБАҚ. ЖУЎАПЛАР

1. б)
2. Петрдиң
3. өз жуўабыңыз
4. Таңлаған халқы
5. а)
6. Яқ (бирақ егер сиз буған исенимли болмасаңыз, онда бул ҳаққында өз устазыңыз бенен сөйлесиң)
7. таңлағанлары
8. Гүбелекке
9. өмирге
10. б)
11. а)
12. в)
13. в)
14. а)
15. Талқылаўға таяр болың
16. б)
17. а) ески тәбиятты б) жаңа тәбиятты
18. а) Жаңа б) Жаңа в) Ески г) Ески
19. Талқылаўға таяр болың
20. Усы аятты ядлап алың